DEKLARASYON DWA
pou
TRAVAYÈ NAN DOMÈN ZONG

Salè Minimòm:

Ou DWE touche pou CHAK èdtan ou travay, ansanm ak tan siplemantè, menmsi ou touche sou "komisyon" oswa menmsi ou pa gen eksperyans.

Poubwa

Si ou touche poubwa, ou **DWE** fè salè sa yo **ANVAN** poubwa yo:

Lokal	Premye 40 èdtan pa semèn, omwen:	Apre 40 èdtan pa semèn, omwen:
Vil New York	$11.35/èdtan	$18.85/èdtan
Long Island ak Konte Westchester	$9.80/èdtan	$16.30/èdtan
Rès Eta New York	$8.90/èdtan	$14.80/èdtan

Pa Gen Poubwa

Si ou pa touche poubwa, ou **DWE** fè salè sa yo:

Lokal	Premye 40 èdtan pa semèn, omwen:	Apre 40 èdtan pa semèn, omwen:
Vil New York	$15.00/èdtan	$22.50/èdtan
Long Island ak Konte Westchester	$13.00/èdtan	$19.50/èdtan
Rès Eta New York	$11.80/èdtan	$17.70/èdtan

Patwon yo Pa Ta Dwe JANM:

- Pran poubwa oswa salè ou
- Peye mwens pase salè minimòm nan
- Fè ou peye pou yon djòb oswa antrènman, kòm pinisyon oswa pou nenpòt lòt rezon
- Refize ou pran repo pou manje
- Refize ou egzèse dwa ou pou mete yon mask ak/oswa gan
- Pini ou nan NENPÒT fason poutèt ou pote plent konsènan salè oswa kondisyon travay la

Pou Sekirite Ou, Pwopriyetè yo Dwe Bay Travayè yo:

- Yon respiratè atifisyèl (mask espesyal) pou itilize lè w ap poli zong atifisyèl/pase lim sou zong atifisyèl oswa lè w ap itilize poud zong atifisyèl
- Gan pou itilize lè w ap manyen sibstans chimik oswa dechè, pandan netwayaj, ak lè y ap fè nenpòt sèvis ki kapab pete po yon kliyan
- Pwoteksyon zye pou itilize lè w ap prepare, transfere oswa vide sibstans chimik yo

Rele Pou Jwenn Enfòmasyon oswa Èd:

(888) 469-7365

Dwa sa yo se dwe ou yo ye kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou

Si ou pa gen yon lisans, ou ta dwe jwenn yon lisans estajyè nan domèn zong, epi ou kapab fè li gratis. Tanpri kontakte liy dirèk la pou jwenn plis enfòmasyon.

NEW YORK STATE | **Joint Task Force**